

Rejim Dòz la

SUTAB se yon rejim dòz divize (2 jou). Yon total 24 konprime nesese pou yon preparasyon konplè pou kolonoskopi. W ap pran konprime yo nan de (2) dòz 12 konprime nan chak dòz. Ou dwe bwè dlo avèk chak dòz SUTAB, epi fòk ou bwè dlo anplis apre chak dòz.



Jou 1, Dòz 1 – Nan Sware Anvan Kolonoskopi a (a 6PM)

Yo ankouraje w pou ou idrate w sifizaman anvan, pandan, ak apre w fin pran SUTAB la.

Vale 12 konprime yo avèk premye 16 ons dlo yo

Lavèy kolonoskopi a, ouvri premye boutèy 12 konprime yo epi pran SUTAB la jan yo dekri sa a anba a.

ETAP 1 Ouvri 1 boutèy 12 konprime. **Retire epi jete dezidratant an.** **Retire epi jete dezidratant an** nan dezyèm boutèy la epi fèmen boutèy la. Itilize dezyèm boutèy la pou dezyèm dòz la nan maten jou kolonoskopi a.



ETAP 2 Plen veso yo bay la avèk 16 ons dlo (jiska liy ranplisaj la).

Vale 1 konprime chak 2 minit. Bwè anpil dlo pandan w ap vale epi apre w fin vale chak konprime. Ou ta dwe fini 12 konprime yo ak tout 16 ons dlo yo nan espas 24 minit.



Yo pa montre konprime yo nan gwosè nòmal yo.



ENPÒTAN: Si w santi sentòm anrapò ak preparasyon an (pa egzanp, kèplen, gonfleman, oswa kramp), pran yon poz oswa ralanti vitès w ap bwè dlo anplis la jiskaske sentòm ou yo diminye.

Bwè de (2) lòt 16 ons dlo yo

ETAP 3 Apeprè 1 èdtan apre ou fin vale dènye konprime a, ranpli veso yo bay la ankò avèk 16 ons dlo (jiska liy pou ranpli a), epi bwè tout kantite a pandan 30 minit.

ETAP 4 Apeprè 30 minit apre ou fini dezyèm veso dlo a, ranpli veso yo bay la ankò avèk 16 ons dlo (jiska liy pou ranpli l la), epi bwè tout kantite a pandan 30 minit.

Jou 2, Dòz 2 – Nan Maten Jou Kolonoskopi a

(4 èdtan anvan lè pou ou rive pou pwosedi a)

Vale 12 lòt konprime yo avèk yon lòt 16 ons dlo.

• Kontinye bwè likid klè sèlman jouk apre kolonoskopi a.

• Refè Etap 2 jiska Etap 4 nan Jou 1, Dòz 1.

- Si w santi sentòm anrapò ak preparasyon an (pa egzanp, kèplen, gonfleman, oswa kramp), pran yon poz oswa ralanti vitès w ap bwè dlo anplis la jiskaske sentòm ou yo diminye.
- Fin pran tout konprime SUTAB yo ak dlo a omwen dezèdtan anvan lè pou w rive pou pwosedi a.



Yo pa montre konprime yo nan gwosè nòmal yo.

